

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa jeung hirup kumbuh manusa mangrupa dua hal anu moal bisa dipisahkeun. Manusa tangtu mikabutuh cara pikeun ngedalkeun pamaksudan dina sakumna kagiatan sapopoé, atawa disebut ogé komunikasi. Ari nu ngaranna komunikasi éstuning patula-patali pisan jeung basa, boh interaksi ka sasama boh interaksi ka dirina sorangan. Ku kituna, kamampuh manusa pikeun nyangking kaparigelan basa teu diwatesanan ku ngawasa sabasa hungkul, malah sacara husus dina kontéks kabasaan aya anu disebut bilingualisme. Nurutkeun Chaer jeung Agustina (2010, kc. 84), bilingualisme nyaéta makéna dua basa ku saurang panyatur dina campur gaulna jeung jalma séjén sacara bagilir.

Nurutkeun Sugianto (2018, kc. 90), masarakat Indonésia nyaéta masarakat anu bilingual jeung multilingual, lantaran maké dua basa atawa leuwih dina interaksi sosialna sapopoé. Masarakat maké basa Indonésia pikeun komunikasi dina skala nasional, sedengkeun dina hirup kumbuh sapopoé maké basa indung has wewengkonna séwang-séwangan, malah aya sababaraha masarakat anu bisa maké basa asing. Tujuan masarakat Indonésia maké dua basa atawa leuwih nurutkeun Holmes (dina Izzak, 2009, kc. 15) nyaéta pikeun tujuan anu béda-béda dina kagiatan sapopoé. Ku sabab kitu, masarakat Indonési sakuduna geus biasa maké basa daérah jeung basa Indonésia silih ganti gumantung kaayaan jeung tujuan séwang-séwangan.

Basa daérah jeung basa Indonésia sakuduna dikawasa ku masarakat Indonésia. Tapi dina émprona, masarakat kiwari leuwih loba maké salasihiji basa hungkul, nyaéta basa Indonésia. Éta hal dibuktikeun tina hasil panalungtikan Wagiaty, spk. (2018, kc. 321), hasilna nyaéta kapanggih ayana kajadian géséhna basa daérah hususna basa Sunda ku basa Indonésia lantaran pangaruh dégradasi ajén jeung sikep positif kana basa Sunda. Kajadian géséhna basa daérah ku basa Indonésia teu ngan saukur dina basa Sunda hungkul, tapi bisa kajadian dina basa daérah séjén jeung leuwih mindeng kajadian di kalangan nonoman kiwari. Salasihiji

alesan anu ngabaluarkeun ayana géséhna basa Sunda ku basa Indonésia nyaéta ayana kamandang yén basa daérah hususna basa Sunda mangrupa basa anu hésé pikeun nuturkeun kamajuan jaman tibatan basa Indonésia atawa basa Inggris. Hal éta dideudeulan ku Izzak (2009, kc. 22) anu nétélakeun yén nonoman kiwari leuwih mindeng maké basa Indonésia lantaran bisa nuturkeun kamekaran jaman jeung bisa méré kasempetan anu lega dina dunya gawé jeung ékonomi tibatan basa daérah.

Kajadian géséhna basa daérah hususna basa Sunda ku basa Indonésia jadi hiji pasualan lantaran kalungguhan basa daérah geus dipertélakeun dina Undang-Undang Dasar Negara Republik Indonesia Taun 1945 Pasal 32 Ayat 2 anu unina “*Negara menghormati dan memelihara bahasa daerah sebagai kekayaan budaya nasional,*” satuluyana disebutkeun ku Halim (1978, kc. 7) yén basa daérah dipaké minangka pakakas komunikasi jeung wenang pikeun dimekarkeun ku masarakat panyaturna, wajib dimumulé tur dipiara ku nagara lantaran basa daérah mangrupa bagéan tina kabudayaan Indonésia. Ku sabab kitu, sakuduna makéna basa Indonésia jeung basa daérah dina interaksi sosial kudu saimbang, salian ti ngutamakeun basa Indonésia, basa daérah ogé kudu terus dipaké tur dimumulé ku masarakat di Indonésia.

Disagédéngéun pasualan anu geus ditataan saméméhna, hal anu ngabaluarkeun ayana kajadian bilingualisme nyaéta réana pangaruh anu aya di lingkungan masarakat, hususna di lingkungan pendidikan. Éta hal dibuktikeun dina panalungtikan Ghoni, spk. (2022, kc. 211), kapaluruh yén kajadian bilingualisme nyampak dina nyusun bahan ajar sarta dina nangtukeun métodeu ajar basa daérah di SMA kota Bandung. Salian ti éta, dina panalungtikan anu dilaksanakeun Bahri jeung Rasyid (2018, kc. 71) dipedar ogé yén di lingkungan pendidikan ti mimiti SD nepi ka SMA katitén ayana kajadian bilingualisme dina prosés pangajaran. Tangtu ayana kajadian bilingualisme di lingkungan pendidikan moal leupas tina fungsi sakola anu kudu jadi sarana siswa dina nyiar élmu pangaweruh ngeunaan kamahéran basa.

Kajadian bilingualisme di lingkungan pendidikan hususna di daérah Jawa Barat dibaluarkeun ku sababaraha hal, salasahijina nyaéta pangaruh di lingkungan kulawarga. Dina panalungtikan nu geus dilaksanakeun ku Yani, spk. (2021, kc.

141), diébréhkeun yén kolot di mangsa kiwari leuwih mindeng ngajarkeun budakna maké basa Indonésia tibatan maké basa Sunda lantaran dianggap bisa ngagampilkeun budak dina interaksi jeung babaturanna. Ku kituna, pikeun mikanyaho wujud, ragam, jeung faktor bilingualisme dina interaksi sosial siswa dina basa Indonésia jeung basa Sunda, panalungtik geus nangtukeun tempat di Jawa Barat pikeun objék panalungtikanana, nyaéta di SMA Negeri 1 Garut. Alesan panalungtik milih éta tempat lantaran SMA Negeri 1 Garut nyaéta SMA anu geus kawéntar di Garut. Salian ti éta, SMA Negeri 1 Garut ayana di Kecamatan Tarogong Kidul anu jadi puseur dayeuh Kabupatén Garut sarta mangrupa SMA unggulan anu siswana boga kasang tukang anu rupa-rupa.

Dumasar observasi awal panalungtik di SMA Negeri 1 Garut dina tanggal 20 Pébruari 2024, katitén dina interaksi sosial siswa SMA Negeri 1 Garut aya wujud bilingualisme basa Sunda jeung basa Indonésia. Basa anu dipaké ku siswa SMA Negeri 1 Garut dina interaksi rata-rata maké basa Indonésia sabab geus jadi kabiasaan ti lingkungan kulawargana, tapi sakapeung sok dicampur jeung basa Sunda nepi ka nyampak ayana bilingualisme. Contona baé nyaéta aya saurang siswa awéwé keur ngobrol jeung siswa lalaki di kantin SMA Negeri 1 Garut anu ngomong, “Sok atuh, *aku tungguin yah bisi udah*,”. Tina éta kasus, bisa dicindekkeun yén kajadian bilingualisme nyampak dina interaksi sosial siswa SMA Negeri 1 Garut.

Panalungtikan saméméhna anu ngarojong kana ieu panalungtikan nyaéta panalungtikan Putri (2022, kc. 91) anu judulna “Analisis Bilingualisme dalam Interaksi Sosial Santri Asrama Al-Inaroh Pondok Pesantren Darussalam Putri Utara” anu medar bilingualisme dina interaksi sosial santri asrama Al-Inaroh Pondok Pesantren Darussalam Putri Utara, hasilna nyaéta kapanggih aya 15 ragam bilingualisme sarta hal-hal anu ngabalukarkeun ayana bilingualisme nyaéta ayana kontak basa ngaliwatan prosés diajar jeung aya sababaraha santri anu asalna ti luar pulo Jawa. Sasaruana ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nyaéta hal anu ditalungtikna sarua ngeunaan bilingualisme basa Indonésia. Salian ti éta, medar ogé ragam bilingualisme jeung ngaguar hal-hal anu ngabalukarkeun ayana bilingualisme. Bébédanna nyaéta ieu panalungtikan medar bilingualisme basa Sunda jeung basa Indonésia, sarta anu jadi sumber datana nyaéta siswa SMA

Negeri 1 Garut, sedengkeun panalungtikan saméméhna ngaguar bilingualisme basa Jawa jeung basa Indonésia di lingkungan Pondok Pasantren Darussalam Putri Utara.

Sajaba panalungtikan anu geus disebutkeun saméméhna, aya ogé panalungtikan Rahim, spk. (2024, kc. 1129) anu judulna “Analisis Tingkat Bilingualisme Penutur Bahasa Makassar di Ambon”. Ieu panalungtikan miboga sasaran nyaéta medar kajadian bilingualisme jeung métodeu panalungtikanana maké métodeu kualitatif. Ari bébédaanna nyaéta medar perkara bilingualisme basa Makassar jeung basa Indonésia sarta data panalungtikanana dicokot tina interaksi masarakat nu maké basa Makassar di Ambon. Hasil tina panalungtikanna nyaéta medar ngeunaan bilingualisme koordinatif basa Makassar sarta faktor nu ngabalukarkeun ayana bilingualisme di masarakat Ambon nu maké basa Makassar nyaéta faktor internal jeung faktor éksternal.

Udagan anu utama tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho wujud, ragam, jeung faktor anu ngabalukarkeun ayana bilingualisme dina interaksi sosial siswa di SMA Negeri 1 Garut. Panalungtikan ngeunaan bilingualisme tangtuna dibutuhkeun pisan sabab bisa jadi bahan pikeun maluruh jeung sarana pikeun nuturkeun kamekaran basa di mangsa kiwari. Ieu panalungtikan ogé boga udagan pikeun mikanyaho faktor-faktor nu bisa ngabalukareun ayana bilingualisme di hiji kelompok masarakat, utamana di lingkungan sakola. Dipiharep ku ayana ieu panalungtikan, pangaweruh ngeunaan kabasaan bisa disumbarkeun kalawan masif. Ku kituna, ieu panalungtikan dibéré judul “Bilingualisme (Sunda-Indonésia) dina Interaksi Sosial Siswa SMA Negeri 1 Garut.”

## **1.2 Rumusan Masalah Panalungtikan**

Dumasar kasang tukang nu geus diébréhkeun saméméhna, idéntifikasi pasualan anu diulik dina ieu panalungtikan nyaéta wujud bilingualisme basa Sunda-Indonésia nu kapanggih dina interaksi sosial siswa SMA Negeri 1 Garut. Ari ragam bilingualisme anu ditalungtik nyaéta bilingualisme koordinatif, majemuk, jeung subordinatif. Salian ti éta, pasualan anu diulik nyaéta faktor-faktor nu ngabalukarkeun ayana kajadian bilingualisme dina interaksi sosial siswa SMA Negeri 1 Garut.

Dumasar kana idéntifikasi masalah anu geus dipedar, masalah dina ieu panalungtikan bisa dirumuskeun ngaliwatan kalimah pananya di handap.

- a. Kumaha wujud bilingualisme basa Sunda-Indonésia nu nyampak dina interaksi sosial siswa SMA Negeri 1 Garut?
- b. Naon waé ragam bilingualisme basa Sunda-Indonésia nu nyampak dina interaksi sosial siswa SMA Negeri 1 Garut?
- c. Naon waé faktor nu ngabalukarkeun ayana bilingualisme basa Sunda-Indonésia dina interaksi sosial siswa SMA Negeri 1 Garut?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Tujuan dina ieu panalungtikan dibagi jadi dua, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun bilingualisme basa Sunda-Indonésia nu nyampak dina interaksi sosial siswa SMA Negeri 1 Garut.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun tilu hal, nyaéta

- a. mikanyaho wujud bilingualisme basa Sunda-Indonésia anu nyampak dina interaksi sosial siswa SMA Negeri 1 Garut;
- b. mikanyaho ragam bilingualisme basa Sunda-Indonésia anu nyampak dina interaksi sosial siswa SMA Negeri 1 Garut; jeung
- c. mikanyaho faktor anu ngabakuarkeun ayana bilingualisme basa Sunda-Indonésia dina interaksi sosial siswa SMA Negeri 1 Garut.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat dina ieu panalungtikan dibagi jadi dua, nyaéta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tina ieu panalungtikan sacara tioritis nyaéta dipiharep bisa méré pangaweruh dina widang paélmuan basa, utamana dina kajadian bilingualisme di lingkungan sakola.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat tina ieu panalungtikan sacara praktis nyaéta dipiharep bisa méré mangpaat pikeun mahasiswa, siswa, panalungtik, jeung panalungtik satuluyna.

- a. Pikeun mahasiswa, ieu panalungtikan bisa méré gambaran jeung pangaweruh dina widang sosiolinguistik, hususna ngeunaan bilingualisme. Bisa ogé dijadikeun bahan bacaeun, sumber referénsi sarta méré pangdeudeul pikeun pangajaran basa Sunda di sakola.
- b. Pikeun siswa, ieu panalungtikan méré pangaweruh ngeunaan kajadian bilingualisme.
- c. Pikeun panalungtik, ieu panalungtikan bisa méré gambaran kajadian bilingualisme sacara langsung di lapangan, teu ngan saukur tiori. Salian ti éta, panalungtik mampuh mikir kritis dina méré sawangan ngeunaan hiji hal utamana anu patali jeung basa Sunda.
- d. Pikeun panalungtik satuluyna, ieu panalungtikan bisa méré gambaran jeung méré rékomendasi pikeun panalungtikan satuluyna sangkan leuwih teleb jeung mundel dina nalungtik ngeunaan bilingualisme.

## 1.5 Struktur Organisasi Skripsi

BAB I “Bubuka”, eusina ngawengku kasang tukang masalah, rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung struktur organisasi skripsi.

BAB II “Ulikan Tiori”, Panalungtikan Saméméhna jeung Raraga Mikir”, eusina ngawengku wangenan bilingualisme, ragam bilingualisme, faktor ayana bilingualisme, wangenan basa Sunda, wangenan basa Indonésia, hubungan basa

Sunda jeung basa Indonésia, wangenan interaksi sosial, ciri-ciri interaksi sosial, hubungan basa jeung interaksi sosial, panalungtikan saméméhna, sarta raraga mikir.

BAB III “Métodeu Panalungtikan”, eusina ngawengku métodeu jeung desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, jeung téknik ngolah data.

BAB IV “Hasil Panalungtikan jeung Pedaran”, eusina ngawengku déskripsi hasil panalungtikan bilingualisme basa Sunda-Indonésia dina interaksi sosial siswa SMA Negeri 1 Garut, hasil panalungtikan ragam bilingualisme subordinatif, hasil panalungtikan ragam bilingualisme koordinatif, hasil panalungtikan ragam bilingualisme majemuk, hasil panalungtikan faktor anu ngabalukarkeun ayana bilingualisme, jeung pedaran.

BAB V “Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi”, eusina mangrupa kacindekan tina hasil panalungtikan, saran, atawa rékoméndasi tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun.